



Olga Hugelmeyer, Ed.D.
Sipèntandan Lekòl yo

Chè Fanmi Lekòl Piblik Elizabeth yo ,

Mwen kontan akeyi w nan yon lòt nouvo ané lékòl. Épi, mwen kontan kontinye kolaborasyon avèk manm ékip lekòl yo, elèv yo, ak tout fanmi pou ané lékòl 2024-2025.

M ap kontakte w pèsònèlman, paske mwen bezwen w konnen enfòmasyon enpòtan ki ka asire yon bon kòmansman ane lekòl pou ou menm ak pitit ou.

POWERSCHOOL

Powerschool Parent Portal se yon zouti enpòtan nou kréyè ki édé nou sipòté tout elèv ak tout fanmi. Lè w gen aksè Powerschool, e si ou tcheke li regilyèman, Powerschool ap bay tout fanmi opòtinite pou yo kominike ak pwofesè pitit yo. Epi ou ka swiv pwogrè edikasyonèl yo. Nan Powerschool wa p jwenn enfòmasyon; absans elèv yo geyen, lè elèv yo an reta, nòt elèv yo , nòt egzamen elèv yo, devwa elèv yo, enfòmasyon transpò, aktivite lekòl yo, ak orè elèv yo. **Li trè enpòtan pou tout paran/gadyen ki responsab elèv ki nan Lekòl Piblik Elizabeth kréyè yon Kont pou PowerSchool. Si ou pa kréyè kont la déjà Tanpri kréyè li.**

Si w bezwen asistans pou w kréyè oswa jwenn aksè nan PowerSchool, ou ka vizite [Paj Aksè PowerSchool nou an](#) ki gen lyen pou konekte kont PowerSchool ou a. Nan lyen wa p jwenn enstriksyon videyo sou fason pou kreye kont PowerSchool, yon Gid pou Aksè PowerSchool, ak dokiman FAQ pou PowerSchool.

ENFÒMASYON KONTAK/ KONTAK IJANS

PowerSchool la esansyèl, paske li se kote pou ajou enfòmasyon kontak ou, avèk nimewo kontak ijans pou elèv yo. **Li trè enpòtan lè w kreye kont PowerSchool la , ou mété nouvo enfòmasyon kontak ou a, espesyalman yon adrès imel, nimewo telefòn, ak kontak ijans.** Lè nou genyen enfòmasyon sa yo, distri a kapab asire manm fanmi oswa moun ki nan kontak ijans elèv yo lè gen yon sitiasyon ijans. **Si ou déjà gen kont Powerschool la oswa lè ou fin kréyè kont la, tanpri konékté kont la pou w verifyé ke tout enfòmasyon yo kòrèk.**

Biwo Sipèntandan Lekòl yo

FÒM DISTRI

Yon lòt enpòtan enfòmasyon nan PowerSchool Parent Portal la se fòm pou ou ranpli pou distri yo. Fòm sa yo se; Fòm Enfòmasyon pou Ijans, Avi Konsènan Fizik, Fòm Divilgasyon Medya, Fòm Permisyon pou itilize Entènèt ak Règleman, Itilizasyon Akseptab Pou Teknoloji – Fòm Elektwonik Aparèy Mobil, Koneksyon Ijans (ECF), Fòm pou lè Lekòl Lage ak, Fòm Kontra Tit 1.

Tanpri konekte sou PowerSchool Parent Portal la pou ranpli fòm sa yo pou chak pitit ou yo. Si w bezwen èd pou jwenn aksè fòm nou endike yo, tanpri vizite [EPS Back to School Resources](#) paj wèb Resous Lekòl la, klike sou “Fòm ak Aplikasyon pou Pitit ou a”, epi suiv enstriksyon nou bay yo.

Wa p jwenn Aplikasyon pou elèv yo ka Manje, nan seksyon “Fòm ak Aplikasyon pou Pitit Ou” Pati sa, se yon sit distri a utilize atravè a NutriCloud.

VAKSINASYON

Depatman Sèvis Sante New Jersey egzije pou tout elèv yo resevwa vaksen espesifik pou yo ale nan lekòl léta. **Tout elèv prematènèl ki nan sant ki gen lisans ak Lekòl matènèl yo oblije pran vaksen kont grip.** Tanpri bay prè vaksen kont grip pitit ou a \$ **imedyatman distri bezwen li avan 20 desanm 2024**. Elèv ki pa bay dokiman ki nesèsè yo anvan 20 desanm **pa p ka retounen** nan lekòl apati 2 janvye 2025.

Tout timoun ki fèt apre 1ye janvye 1997 ki enskri nan klas sizyèm yo oblije resevwa vaksen ki rele difteri, tetanòs ak koklich (Tdap) ansanm ak yon dòz vaksen ki rele menengokòk. Ou dwe remèt dokimantasyon ki montre pitit ou a te resevwa vaksen klas sizyèm ané bay enfimiyè lekòl la avan vandredi 6 septanm 2024.

Elèv ki antre nan klas sizyèm ane anvan oswa apre anivèsè yo oswa apre vandredi 6 septanm 2024 dwe bay konfimasyon ke yo genyen randevou vaksinasyon an. Randevou sa a dwe fèt de semèn apre pitit ou a vin gen 11 an.

Timoun ki pa pran vaksin yo oswa ki pa gen dokiman ki montre yo genyen randevou nan de semèn apre yo fin gen 11 an pa p ka antre nan lekòl la kòmanse premye jou lekòl la.

MY RIDE K-12

Nou bezwen tout elèv yo san danje le yo wa p vwayaje ale lekòl ak lè yo pral lakay yo. Pou elèv ki kalifye pou itilize transpò distri a, Lekòl Piblik Elizabeth ap bay fanmi yo on lojisyèl MyRide K-12 ki soti nan Tyler Technologies. MyRide K-12 ofri aksè pou elèv yo ka wè kote estasyon otobis la, wout otobis la, ak lè otobis yo ap vin chèche yo. Aksè enfòmasyon sa se yon komunikasyon rapid ki pral ede diminye apèl paran yo nan depatman transpò. MyRide K-12 kapab diminye tann elev yo ap fet nan estasyon bus yo. MyRide K-12 ap ede elèv yo pa janm rate otobis la ankò.

Wa p jwenn plis enfòmasyon sou My Ride K-12, ak fason pou jwenn aksè nan lojisyèl an pa aplikasyon mobil oswa òdinatè, lè w vizite paj [My Ride K-12](#) sou sitwèb distri nou an. Wa p jwenn aplikasyon mobil My Ride K-12 sou Google Play ak Apple App Store la.


Elèv yo elijib pou transpòtasyon si yo nan klas PK-8 epi yo abite pase 2.0 mil de lekòl yo. Elèv ki nan klas 9yèm-12yèm ane epi yo abite pase 2.5 mil de lekòl yo, oswa si yo gen sèvis transpò ki enkli nan IEP yo.

Mwen espere ou jwenn enfòmasyon san pwoblèm. Enfòmasyon sa yo pral ede ou avek pitit ou an passe on ane ekselan.

Si bezwen plis enfòmasyon sou retounen lekòl la, e si ou bezwen enfòmasyon espesifik sou lekòl pitit ou a, tanpri vizite paj wèb Resous Back to School nou an nan <https://www.epsnj.org/backtoschool>.

Pi bon volonté pou ané lekòl 2024-2025.

Sensèman,



Doktè Olga Hugelmeyer